**BAHAN PEMBELAJARAN NULIS DI SD/MI**
**Ku**
**Dr. Dedi Koswara, M.Hum.**

## 1. Bubuka

Aya opat aspek kaparigelan basa anu perlu dipaham ku siswa dina pembelajaran basa. Eta opat aspek kaparigelan basa teh ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Saestuna antara opat aspek eta kaparigelan basa teh miboga hubungan anu raket atawa bisa disebutkeun awor (*terintegrasi*) sakurang-kurangna dina rendonan dua aspek kaparigelan basa. Upamana bae **ngaregepkeun** jeung **nyarita** atawa **maca** jeung **nulis**. Bisa oge **maca** jeung **ngaregepkeun** nu kaasup kana aspek reseptif, atawa **nulis** jeung **nyarita** nu kaasup aspek produktif.

Nu baris dipedar dina ieu panglawungan mah nyaeta kaparigelan nulis. Nulis teh mangrupa hiji kaparigelan basa anu produktif. Nulis the hiji proses nyusun lambang grafis. Nulis teh hiji proses komunikasi ku cara ngagunakeun lambang grafis.

Nulis boga tujuan pikeun nepikeun informasi jeung ngahudang rasa. Eta tujuan the bisa kahontal dina wujud karangan. Ari wujudn karangan dtilik tina medium basa nu dipakena bisa dina karangan lisan atawa karangan tulis. Dumasar kana wangun karanganana bisa dina wangun prosa (lancaran), wangun puisi (ugeran) , carita drama. Atuh ditilik tina eusi karanganana bisa dina karangan bahasan (*eksposisi),* alesan (*argumentasi*), kisahan (*narasi*), jeung candraan (*deskripsi*).

Aspek kaparigelan nulis ditepikeun di SD ti mimiti kelas I tepi ka kelas VI. Ari bahan ajar atawa substansi materina bisa ditengetan dina *SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda 2006*. Heula pandeurina, jero-deetna, jeung ambahan heureut – legana bahan bisa diatur ku guru luyu jeung kasang tukang sosial budaya nu ngalataran peserta didik di sakolana masing-masing.

## 2. Pedaran

### 2.1 Bahan Ajar Nulis di SD/MI

Bahan ajar kaparigelan nulis keur barudak SD/MI bisa ditengetan dina Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi

Dasar (KD) dina *SKKD Matapelajaran Bahasa dan Sastra Sunda 2006.* Sacara rinci SKKD kasebut ngajentrekeun saperti kieu.

| Kelas | Standar Kompetensi (SK) | Kompetensi Dasar (KD) |
|---|---|---|
| I | 1.4 Mampu menulis atau menyalin huruf lepas, suku kata,, dan kalimat sederhana. | 1.4.1 Menyalin huruf lepas<br>1.4.2 Menyalin suku kata (*engang*)<br>1.4.3 Menyalin kata dwisuku<br>1.4.4 Menyalin kata trisuku<br>1.4.5 Menyalin kalimat sederhana |
| II | 2.4 Mampu menulis, menyusun, dan menyempurnakan kalimat, serta menyalin paragraf pendek. | 2.4.1 Menulis kalimat berhuruf kapital<br>2.4.2 Menulis/menyalin kalimat sederhana<br>2.4.3 Menyusun kalimat sederhana<br>2.4.4 Menyempurnakan kalimat dengan menggunakan tanda koma dan tanda titik.<br>2.4.5 Menyalin paragraf pendek |
| III | 3.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan yang berupa kalimat dan paragraf pendek. | 3.4.1 Menulis kalimat berita (*Kalimah wawaran*)<br>3.4.2 Menulis kalimat luas (*Kalimah jembar*)<br>3.4.3 Menulis kalimat tanya (*Kalimah pananya*)<br>3.4.4 Menulis kalimat perintah (*Kalimah parentah*)<br>3.4.5 Menulis paragraf pendek dengan menggunakan ejaan |

| | | |
|---|---|---|
| IV | 4.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan yang berupa pengumuman, pengalaman, narasi, dan deskripsi. | 4.4.1 Menulis pengumuman<br>4.4.2 Menulis pengalaman<br>4.4.3 Menulis narasi<br>4.4.4 Menulis deskripsi |
| V | 5.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, dan eksposisi. | 5.4.1 Menyusun paragraf<br>5.4.2 Meringkas bacaan<br>5.4.3 Menulis surat<br>5.4.4 Menulis eksposisi |
| VI | 6.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam mengisi formulir, melengkapi karangan, menulis kejadian, riwayat hidup, dan pidato. | 6.4.1 Mengisi formulir<br>6.4.2 Melengkapi karangan<br>6.4.3 Menulis kejadian<br>6.4.4 Menulis *riwayat hirup*<br>6.4.5 Menulis pidato (*biantara*) |

Pangajaran nulis diajarkeun ti mimiti Kelas I tepi ka kelas VI. Ti mimiti diajar nyalin huruf tepi ka nulis biantara. Hal ieu teh tangtu geus diluyukeun jeung tingkatan kamampuh siswa. Di kelas-kelas handap materi nulis leuwih basajan mun dibandingkeun jeung materi nulis keur kelas-kelas luhur. Pon kitu deui tingkatan kompleksitas, jero-deetna, jeung lega-heureutna materi disaluyukeun jeung kabutuh psikologi jeung umur siswa. Sanajan kitu, dina proses jeung hasil ahir pembelajaran nulis teu salawasna nyugemakeun, boh keur guru boh keur siswa. Hal eta dipangaruhan ku sarana jeung prasarana nu nyampak dina pembelajaran nulis. Tilu unsur nu gede pisan nangtukeun hasil ahir pembelajaran nulis the, nyaeta guru, siswa, jeung materi/bahan nu diajarkeun. Guru boga peran penting dina nyieun rarancang pangajaran nulis anu bakal jadi tolok ukur hasil ahir pembelajaran nulis.

Ieu di handap ditembongkeun salah sahiji conto rarancang pangajaran nulis di SD/MI.

**Conto 1**

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
NGAJARKEUN KAPARIGELAN NULIS

Satuan Pendidikan: SD/MI
Mata Pelajaran: Bahasa dan Sastra Sunda
Kelas: V/2
Alokasi Waktu: 2 X 40 menit (2 pertemuan)

**Standar Kompetensi**: 5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi.

**Kompetensi Dasar**: 5.4.2 Meringkas bacaan

**Indikator**:
1. Mampu membuat ringkasan isi bacaan.
2. Mampu menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok.
3. Mampu menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

**I. TUJUAN PEMBELAJARAN**

Siswa mampu menjawab pertanyaan tentang isi bacaan, membuat ringkasan isi bacaan, menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok, dan menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

**II. MATERI AJAR**

Wacana narasi “Mundinglaya di Kusumah”

**III. DESAIN PEMBELAJARAN**

a. Model Pembelajaran: CTL
b. Metode Pembelajaran: diskusi kelompok, tanya jawab, *review*, dan penugasan.

## IV. KEGAIATAN PEMBELAJARAN

| N0. | Kegiatan | Waktu |
|---|---|---|
| 1. | **Apersepsi**<br>- Guru menanyakan kembali pemahaman siswa tentang jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarainya.<br>- Guru meminta siswa memberikan contoh jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya. | 10 menit |
| 2. | **Kegiatan Inti**<br>- Guru membagi siswa ke dalam empat kelompok.<br>- Guru membagikan wacana kepada setiap kelompok .<br>- Guru meminta setiap kelompok siswa untuk membuat paling sedikit 5 pertanyaan tentang isi wacana yang dibacanya berikut kunci jawabannya.<br>- Kelompok ganjil dan genap berpasang-pasangan untuk menceritakan wacana yang dibacanya.<br>- Kelompok ganjil mengajukan pertanyaan ke kelompok genap dari soal-soal yang sudah dibuatnya.<br>- Guru meminta setiap kelompok untuk kembali ke kelompoknya masing-masing dan menyuruh setiap kelompok menulis kolaboratif sesuai dengan model tulisan yang dibacanya. | 50 menit |
| 3. | **Penutup**<br>- Siswa mempresentasikan tulisan kolaboratifbya di depan kelas.<br>- Guru memberi klarifikasi bila ada pertanyaan yang belum terjawab | 20 menit |

| | | |
|---|---|---|
| | dan atau ada hal-hal yang perlu diperbaiki dari tulisan siswa (melalui tanya jawab).<br>- Secara individu, siswa diminta membuat refleksi (baik secara konseptual maupun pendapat) tentang kegiatan pembelajaran ini. | |

## V. MEDIA PEMBELAJARAN

- Buku Pangajaran Basa Sunda
- Wacana: "Mundinglaya Di Kusumah"

### Wacana : "Mundinglaya Di Kusumah"

Aya hiji nagara katelahna Pajajaran. Nagara beunghar, sagala nyampak. Rahayatna hirup senang. Raja Pajajaran dina mangsa harita katelahna Prabu Siliwangi. Ari prameswarina nyaeta Padmawati. Prabu Siliwangi the raja anu adil. Ku rayatna dipihormat.

Sang Prabu kagungan putra, jenenganana Mundinglaya Di Kusumah, anu gagah tur sakti. Padmawati ngimpen kenging Lalayang Salaka Domas ti Jabaning Langit. Eta impenan the dicarioskeun ka Prabu Siliwangi. Sang Prabu enggal bae ngutus Mundinglaya supados angkat ka Jabaning Langit. Angkatna disarengan ku Gelap Nyawang sareng Kidang Pananjung.

Samemeh angkat ka Jabaning Langit, Mundinglaya sindang heula ka Muara Beres. Anjeunna nepangan piistrieunana nu jenengan Dewi Asri. Lalayang Salaka Domas teh anu Guriang Tujuh. Barang cunduk ka Jabaning Langit, atuh der bae perang. Mundinglaya dihurup ku Yaksa Mayuta, Jonggrang Kalapitung, jeung Guriang Tujuh. Ahirna Mundinglaya unggul.

Mundinglaya mulang ti Jabaning Langit. Lalayang Salaka Domas disanggakeun ka ramana. Mundinglaya teras nikah ka Dewi Asri. Teu lami ti harita teras jeneng raja di Pajajaran, ngagentos ramana.

## VI. EVALUASI

- Portofolio hasil diskusi, baik secara kelompok maupun hasil refleksi individual.
- *Performance assesment* siswa khususnya untuk keterampilan berkomunikasi, mengungkapkan pendapat/gagasan, mengajukan pertanyaan, dan menjawab pertanyaan.
- Portofolio tulisan siswa, baik tulisan individu maupun tulisan kolaboratif dengan skala penilaian sebagai berikut.

**Skala Penilaian Karangan**

| No. | Aspek nu Dipeunteun | Skor Maksimum | Skor Siswa |
|---|---|---|---|
| 1. | Eusi gagasan nu diebrehkeun | 35 | . . . |
| 2. | Organisasi eusi | 25 | |
| 3. | Tata basa | 20 | |
| 4. | Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap | 15 | |
| 5. | Ejahan | 5 | |
| | Jumlah | 100 | . . . |

## 2.2 Tahapan Pembelajaran Nulis

Di handap dipopoyankeun salah sahiji conto lengkah pembelajaran nulis anu basajan saperti ngalarapkeun ejahan dina kaparegelan nulis di Kelas II SD.

**a. Kegiatan Awal**

(1) Tegus sapa, mengabsen
(2) Apersepsi
(3) Pretes
(4) Memotivasi siswa

**b. Kegiatan Inti**

(1) Berlatih menuliskan tanda titik untuk menandai akhir kalimat.
(2) Berlatih menuliskan koma untuk memisahkan bagian kalimat atau kelompok kata.
(3) Berlatih menuliskan huruf besar pada awal kalimat.

(4) Berlatih menuliskan huruf besar untuk menandai kata nama diri.

**c. Kegiatan Akhir**

(1) Menegaskan bahan pembelajaran
(2) Postes
(3) Menjelaskan kegiatan lanjutan, termasuk penugasan
(4) Menutup pembelajaran.

## 2.3 Conto Bahan Ajar Nulis di Kelas III SD

**Materi:**

a. Nulis Kalimah Pananya
b. Ngalengkepan Kalimah Pananya
c. Nulis kalimah pananya

Di handap aya paguneman. Pek ku hidep gunemkeun heula jeung babaturan di hareupeun kelas. Kade sing bener ngalisankeun jeung ngaragakeun lentongna!

**"Kagiatan Beberesih"**

Ato: "***Iraha*** aya kagiatan beberesih teh, Fit?"
Fitri: "Panginten enjing."
Gina: "Beberesih ***naon***, To?"
Ato: "Beberesih lingkungan."
Gina: "Jam ***sabaraha,*** nya?"
Fitri: "Jam dalapanan. Pan saur Bu Mia oge kitu."
Gina: "Beberesih ***di man****a, nya?"*
Fitri: "Nya di sakola we!"
Ato: "***Saha*** wae nu ngiring beberesih teh?"
Fitri: "Sadaya siswa SD Sukagalih sareng guru-guruna."
Ato: "***Naon*** wae pakakas nu kedah dicandak ti bumi?"
Fitri: "Alat-alat kanggo beberesih sapertos sapu, pengki, elap, jsb."
Gian: "Hayu atuh urang siapkeun pakakas beberesihna."
Fitri: "Hayu!"

**Pancen Hidep**

Pek ku hidep titenan kalimah-kalimah pananya dina paguneman tadi! Pek catet dina buku pancen!

**b. Ngalengkepan Kalimah Pananya**

Pek titenan kalimah ieu di handap!

Conto:

| | |
|---|---|
| Imas asli urang Sukabumi. | Burhan keur lalajo mengbal. |
| Imas aslina urang ***mana?*** | Keur lalajo ***naon*** Burhan? |

**Pancen Hidep**

**Pigawe kawas conto! Salin dina buku pancen!**

1. Neli meser buku di toko Maribaya.
   **Di mana____________________________**?
2. Rosad keur sesepedahan di jalan.
   **Keur naon ___________________________**?
3. Aa Pandu resepeun lalajo wayang.
   **Saha ________________________________**?
4. Kamari Tanjung ka Garut.
   **Iraha _______________________________**?
5. Rama tos dua dinten teu ka sakola.
   **Ku naon _____________________________**?

**Pancen Hidep**

Pek tangtukeun kecap pananyana! Pilih: *saha, di mana, naha, iraha, naon, ku naon,kumaha sabaraha!I* Tengetan heula contona!

Conto:

------------- urang latihan pramuka teh?

Jadi, *Iraha* urang latihan pramuka teh?

atawa

*Di mana* urang latihan pramuka teh?

**Pigawe kawas conto di luhur! Tulis dina buku pancen!**

1. ------------- nu teu milu upacara poe Senen kamari
2. ------------- bumi Bu Mia teh
3. ------------- judul bukuna
4. ------------- barudak kelas tilu piknikna
5. ------------- jenengan Gubernur Jawa Barat teh
6.------------- bejana nu gering teh
7. ------------ hargana eta cau teh
8. ------------ teu milu ka Cipanas

**c. Nulis Kalimah Pananya**

Pek jieun kalimah pananyana! Titenan contona!

Conto:

Usman rek sakola.

Rek *ka mana* Usman?

**Pancen hidep**

**Pigawe kawas conto di luhur! Ditulis dina buku pancen!**

1. Tanjung keur emam jeruk.
2. Rama ulin ka Garut.
3. Aa Pandu nuju ngajar.
4. Irma keur diajar pupuh.
5. Ti poe Senen Agus teu sakola.
6. Barudak keur mengbal di lapang.
7. Sansan teu sakola lantaran gering.
8. Sakilona jeruk teh sapuluh rebu rupiah.

**3. Panutup**

Kaparigelan nulis siswa perlu diukur kamampuhna. Pikeun ngukur eta kamampuh bisa ngagunakeun dua cara atawa padika, nyaeta (1) padika langsung, jeung (2) padika teu langsung. Padika langsung mangrupa tes kaparigelan langsung anu dilaksanakeun ku pelaksana tes (guru). Carana nitah siswa nulis atawa ngarang topik/judul karangan nu tangtu. Punjulna ieu metode nyaeta (1) bisa ngukur kamampuh nu tangtu (kamampuh nyusun, ngahubungkeun sarta make basa nu dikarangna leuwih efektif, (2) boga potensi pikeun ngadorong siswa supaya ngerjakeun tugas kalwan hade, jeung (3) leuwih babari jeung leuwih gancang nyiapkeunana. Sedeng kahengkeranana nyaeta (1) hasilna kurang bisa dipercaya lantaran tehnik penyekoranana subjektif, (2) nu nulis bakal bisa nyingkahan kekecapan atawa kalimah-kalimah nu dianggapna hese, jeung (3) waktu nu dibutuhkeun keur mariksa hasil tes lila pisan.

Padika (metode) langsung nyaeta cara ngukur kaparigelan nulis anu ngalarapkeun tes objektif (upamana pilihan ganda). Hasil dipake pikeun ngira-ngira kaparigelan nulis nu saenyana. Tes samodel kieu disebut oge tes kamampuh dasar nulis (*writing ability*). Satuluyna, aya sababaraha wangun penileyan atawa

wangun tugas kamampuh nulis basa Sunda, saperti (1) nyusun alinea, (2) nulis dumasar kana rangsangan visual, (3) nulis dumasar kana rangsangan sora, (4) nulis dumasar kana rangsangan buku, (5) nulis laporan, (6) nulis surat, jeung (7) nulis dumasar kana tema nu tangtu.

Pedaran nu ditepikeun dina ieu tulisan teh mangrupa alternatif pilihan bae. Luyu jeung henteuna gumantung kana situasi jeung kondisi, lingkungan, sarana jeung prasarana, sarta kasang tukang sosial budaya siswa anu jadi peserta didik binaan ibu-bapa guru di sakola. Ku sabab kitu, *SKKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda 2006* mere kalonggaran ka paraguru pikeun ngamekarkeun kurikulum pembelajaran di sakolana masing-masing .

## DAFTAR PUSTAKA


Depdikbud Provinsi Jawa Barat. 2003. *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda)*. Bandung: Geger Sunten

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Matapelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*. Bandung: Dinas Pendidikan Prov. Jawa Barat

Gaur, Albertine. 1975. *Writing Materials of the East*. London: British Library

-------------------- 1987. *A History Of Writing*. London: British Library

Hidayat, Kosadi dan Iim Rahmina. 1991. *Perencanaan Pengajaran Bahasa Indonesia*. Bandung: Binacipta

Nurgiyantoro, Burhan. 1988. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra.* Yogyakarta: BPFE

Rusyana, Yus. 1982. *Metode Pengajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang

------------------ 1984. *Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan*. Bandung: Diponegoro

Tarigan, H.G. 1989. *Metodologi Pengajaran Bahasa*. Jakarta: Depdikbud

----------------- 1989. *Pengajaran Kompetensi Bahasa*. Bandung: Angkasa

Panitia Pelaksana Diklat Profesi Guru Rayon 10 Jawa Barat. 2009. *Bahan Ajar Pendidikan dan Latihan Profesi Guru (PLPG) Bahasa Sunda*. Bandung: Univesitas Pendidikan Indonesia

**MATERI PEMBELAJARAN SASTRA SUNDA**
**DI SD JEUNG SMP**

ku
Dr. Dedi Koswara, M. Hum.

## 1. Bubuka

Sastra Sunda meunang lahan dina SKKD KTSP sangkan diajarkeun di sakola-sakola ti mimiti Taman Kanak-Kanak tepi ka SMA jeung SMK di Jawa Barat. Prosentase bahanna sarua jeung pangajaran basa, aub dina opat kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis). Lamun digambarkeun mah patalina kompetensi kaparigelan basa jeung sastra Sunda teh bisa ditengetan saperti dina gambar ieu di handap.

Patalina Aspek Kaparigelan Basa jeung Sastra




**ASPEK RESEPTIF ⇒ NGAREGEPKEUN + MACA**

**ASPEK PRODUKTIF ⇒ NYARITA + NULIS**

Naon sababna sastra perlu diajarkeun di sakola? Jawabanana lantaran dina teks karya sastra aya muatan atikan moral anu perlu dipimilik ku barudak sangkan maranehna jadi jalma anu cageur, bageur, bener, jujur jeung pinter sarta sumujud ka Alloh Swt. Hal ieu teh aya patalina jeung hakekat sarta fungsi sastra tea. Sacara hakiki sastra teh fiktif (rekaan), naratif (ngawujud lalakon), tapi di jerona ngandung ajen bebeneran jeung kajujuran. Lian ti eta, sastra teh boga fungsi pikeun hiburan lantaran ngandung kaendahan (*dulce*) jeung aya mangpaatna

(*utile*) keur manusa. Henteu nutup kamungkinan bisa ngarobah (*movere*) kana sikep jeung tangtungan hirup manusa, tina goreng jadi hade atawa sabalikna, gumantung kana karya sastra anu dibacana.

Sacara umum tujuan pangajaran sastra anu aya dina unggal-unggal kurikulum oge esensina mah meh sarua, nyaeta supaya barudak meunang pangalaman ngaregepkeun jeung maca, sarta ngaekpresikeun sastra (nulis, nyarita, ngaragakeun). Ku cara kitu dipiharep sangkan barudak meunang katingtriman lahir jeung batin. Pembelajaran sastra teh sawadina jadi atikan jeung panglipur ka barudak, lain sabalikna jadi perkara anu ngabingungkeun boh ka guru boh ka barudak di sakola.

Saestuna aya opat rupa mangpaat diajar sastra, nyaeta (1) ngarojong kaparigelan basa, (2) ningkatkeun pangaweruh budaya, (3) mekarkeun cipta jeung rasa: kamampuh indrawi, panalaran, afektif, sosial, religius, (4) ngarojong pembentukan watek: pangajaran sastra kudu ngabina perasaan anu leuwih seukeut jeung kudu bisa mekarkeun kualitas kapribadian siswa.

## 2. Materi Pangajaran Sastra di SD jeung SMP

Dumasar kana SKKD KTSP materi pangajaran sastra Sunda teh dipasing-pasing saperti kieu.

**Di Kelas 1 SD**: Diajarkeun materi ngaregepkeun dongeng (1.1.2).

**Di Kelas 2 SD**: Diajarkeun materi ngaregepkeun dongeng (2.3.2); ngaregepkeun kakawihan (2.1.4); maca wacana kakawihan (2.3.2); maca dongeng (2.3.3).

**Di Kelas 3**: Diajarkeun materi ngaregepkeun dongeng sato (3.1.3); ngaregepkeun kakawihan (3.1.4); ngawangkong ngeunaan rupa-rupa sato (3.2.3); maca bedas puisi (3.3.3); maca bedas dongeng (3.3.4).

**Di Kelas 4:** Diajarkeun ngaregepkeun carita pondok (4.1.1); ngaregepkeun puisi guguritan (4.1.2); maca apresiasi (4.3.1); nembangkeun pupuh (4.3..3); nulis narasi (4.4.1).

**Di Kelas 5**: Diajarkeun ngaregepkeun carita pondok (5.1.3); ngaragakeun drama pondok (5.2.6); maca puisi (5.3.2); maca dongeng (5.3.3); nulis carita (5.4.1).

**Di Kelas 6**: Diajarkeun ngaregepkeun carita rayat (6.1.2); nepikeun kritik (6.2.3); ngaragakeun drama (6.2.6)

Nengetan sebaran materi bahan ajar sastra di SD katiten yen materi ajar sastra anu kudu ditepikeun ka barudak teh ngawengku *genre* (jenis) sastra: dongeng, kakawihan, pupuh, guguritan, sajak, carpon, jeung carita drama. Nilik wangunna, aya anu kaasup wangun prosa (lancaran), saperti: dongeng, carpon. Aya oge anu kaasup wangun puisi (ugeran), saperti: kakawihan, pupuh, jeung guguritan, sarta aya anu kaasup wangun carita drama, saperti carita drama barudak.  Patali jeung kronologi waktu medalna, aya anu kaasup sastra Sunda buhun (kakawihan, dongeng, pupuh, guguritan) jeung aya anu kaasup sastra Sunda modern (carpon, sajak, carita drama). Atuh cara medalkeunana sastra oge ngagunakeun dua cara, nyaeta lisan (saperti) dongeng, kakawihan, mantra) jeung sacara tinulis (pupuh, guguritan, carpon, sajak, carita drama). Lian ti eta, genre sastra teh bisa dipasing-pasing dumasar kana asal-muasalna, nyaeta sastra Sunda sampakan (dongeng, mantra, carita pantun, kakawihan, sisindiran) jeung sastra Sunda sampeuran (pupuh, carpon, novel, sajak bebas).

Nilik pameredih aubna opat aspek kamampuh kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis) dina materi pangajaran sastra, dina kanyataanana mah henteu bisa kacumponan sacara simultan ngaubkeun nu opat aspek tea. Hal eta kawasna bae disaluyukeun jeung kamampuh siswa di unggal-unggal kelas. Upamana bae di Kelas 1 ukur aya aspek kaparigelan ngaregepkeun (dongeng) bae. Di Kelas 2 ukur aspek kaparigelan ngaregepkeun (dongeng, kakawihan). Di Kelas 3 aya  aspek kaparigelan ngaregepkeun (dongeng, kakawihan), aspek kaparigelan nyarita (ngobrolkeun rupa-rupa sato); aspek kaparigelan maca (maca bedas puisi jeung dongeng). Di Kelas 4 aya aspek kaparigelan ngaregepkeun (carpon, guguritan), aya aspek kaparigelan maca (pupuh), aya aspek kaparigelan nulis (narasi). Di Kelas 5 aya aspek kaparigelan ngaregepkeun (carpon), aspek kaparigelan nyarita (ngaragakeun drama), aspekkaparigelan maca (puisi, dongeng), jeung aya aspek kaparigelan nulis (carita). Di Kelas 6 aya aspek kaparigelan ngaregepkeun (carita rayat), aya aspek kaparigelan nyarita (ngaragakeun drama).

Ari bahan ajar pangajaran sastra di SMP/MTs naon bae? Naha sarua jeung di SD/MI? Di  SMP Kelas VII, diajarkeun materi ngaregepkeun dongeng (7.1.2), maca sajarah lokal/carita

babad (7.3.1), maca dongeng/carita buhun (7.3.4), maca carita pondok (7.3.5), nulis sajak (7.4.3). Di Kelas VIII, diajarkeun materi ngaregepkeun lirik (rumpaka) kawih (8.1.1), ngaregepkeun puisi sawer (8.1.2), maca tukilan carita wawacan (8.3.2), maca puisi (8.3.3), nulis sisindiran (8.4.1), nulis guguritan (8.4.5). Di Kelas IX, diajarkeun materi ngaregepkeun lirik (rumpaka) tembang (9.1.2), ngaregepkeun carita pondok (9.1.3), ngaragakeun carita drama (9.2.3), nyaritakeun eusi novel (9.2.4), musikalisasi puisi (9.2.5), maca wacana carita drama (9.3.2), maca puisi (9.3.4).

Nilik sebaran materi bahan ajar sastra Sunda pikeun SMP/MTs katiten aya wangun prosa, wangun puisi jeung wangun carita drama. Ari *genre* (jenisna) aya anu kaasup wangun sastra Sunda buhun jeung sastra Sunda modern. Nu kaasup wangun sastra Sunda buhun, upamana bae dongeng carita babad, kawih, sawer, wawacan, sisindiran jeung guguritan. Ari anua kaasup wangun sastra Sunda modern upamana bae sajak, carpon jeung carita drama.

### 3. Padika (Metode) Pangajaran Sastra

Materi pangajaran sastra anu perlu dipaham ku barudak teh ngawengku wangun jeung eusi karya sastra Sunda. Wangun (bentuk) mangrupa juntrungan, wujud fisik nu jadi wadah atawa muatan teks sastra. Wujudiahna bisa dina wangun prosa (lancaran), puisi (ugeran), jeung carita drama. Ari eusi (teks) sastra mangrupa struktur jero atawa struktur batin anu disusun ku unsur-unsur carita nu silihrojong antarbagian jeung bagianana atawa antarbagian jeung kagemblenganana. Patalina anu paheut antarunsur carita tea ngajenglengkeun gunggungan carita anu gemleng atawa otonom.

Ilaharna unsur-unsur carita dina wangun prosa saperti dongeng, carpon, novel, jeung carita drama disusun ku unsur carita saperti palaku jeung penokohanana, galur carita, latar carita (tempat, waktu, suasana), jeung tema carita. Salah sahiji metode pikeun ngabongkar hiji susunan (struktur) carita disebut metode struktural. Ieu metode teh mangrupa substansi tina pamarekan (pendekatan) sastra anu disebut pendekatan objekif. Ieu pamarekan teh museurkeun ulikanana kana teks sastra sacara otonom (mandiri), teu dipatalikeun jeung hal-hal di luareun sastra

(pangarang, penerbit, penikmat sastra). Ulikanana estuning tujul kana unsur-unsur jero nu ngawangun struktur teks sastra tea.

Nyusul tepus pedaran nu tadi tea yen dina KTSP jeung kurikulum basa jeung sastra Sunda saheulaeunana, leuwih condong ngalarapkeun pendekatan objektif dina metode struktural hususna keur pembelajaran sastra. Saestuna aya keneh tilu pamarekan sastra sejenna, nyaeta pamarekan mimetik, ekspresif, jeung pragmatik. Upama dipatalikeun mah salangsurupna jeung pamarekan objektif teh bakal katiten saperti dina gambar ieu dihandap.




1. Pendekatan objektif (museur kana karya sastra)
2. Pendekatan mimetik (museur kana semesta alam)
3. Pendekatan ekspresif (museur ka pangarang)
4. Pendekatan pragmatik (museur ka pembaca)

## 4. Model Pembelajaran Bermakna

Model pembelajaran sastra bisa ngagunakeun lengkah-lengkah saperti nu dipake dina model pembelajaran bermakna saperti dina gambar ieu di handap.



# Model Maca Bedas Puisi

**LANGKAH KEGIATAN**

**1. KEGIATAN AWAL**

A. Tanya jawab, mengabsen
B. Apersepsi
C. Pretes
D. Memotivasi siswa

**2. KEGIATAN INTI**

A. Membaca puisi dengan lafal, volume suara, dan intonasi yang jelas
B. Menceritakan isi puisi dengan menggunakan bahasa sendiri
C. Memberi tanggapan terhadap isi puisi

**3. KEGIATAN AKHIR**

A. Menegaskan bahan pembelajaran
B. Postes
C. Menjelaskan tindak lanjut kegiatan termasuk penugasan
D. Menutup pembelajaran

## 5. Panutup

Muatan nu aya dina pundak guru SD jeung SMP kawilang beurat, tapi mulya. Kantenan sabada aya kaputusan gubernur Jabar ngeunaan adeg-pancegna pangajaran basa jeung sastra Sunda ti mimiti TK tepi ka SMA jeung SMK.

Barudak SD jeung SMP utamana nu aya di puseur kota, kiwari lumrahna geus langka make basa Sunda anu bener. Hamo boa, kalungguhan basa Sunda nu asalna sabage basa indung teh geus patukeur jeung basa Indonesia, jadi basa kadua.

Najan kitu, teu kudu jadi bingung nu matak bisa mugagkeun garapan. Urang keureuyeuh bae lalaunan, babarengan. Sugan bae cara nepikeun bahan ajar basa jeung sastra Sunda teh dilalanyahan make panganteur dina basa Indonesia, utamana keur barudak nu geus teu bisa make basa Sunda. Biasana kapan sagalarupa oge ari mimiti mah sok ngawagu heula, tapi ari ku remen bari dileukeunan, piraku barudak henteu resepeun kana basa jeung sastra Sunda. Nu kudu diheulakeun teh nyaeta pakarepan jeung kahaatan ti urang sabage guru basa jeung sastra Sunda anu boga tanggung jawab sacara moral kana budaya Sunda. Nu pang pentingna mah, guru kudu bisa meuli hate atawa ngirut barudak sangkan resepeun ka guruna anu nyunda tea.

Prung dulur-dulur! Paraguru SD jeung SMP hayu urang padungdung, rempug jukung sabilulungan, paheuyeuk-heuyeuk leungeun sangkan basa jeung sastra Sunda katut budayana tetep nanjung apanjang-apunjung, Sunda jaya di buana.

# PEMBELAJARAN KREATIF DAN BERMAKNA

**Oleh**

**Dr. Dedi Koswara, M.Hum.**

## I. Pendahuluan

Ada tiga buah kata yang perlu dimaknai sehubungan dengan judul tulisan ini, yaitu **pembelajaran, kreatif,** dan **bermakna.** Kata **pembelajaran** terbentuk dari **peN-an** + **belajar,** artinya 'hal belajar'; segala sesuatu yang berhubungan dengan belajar, kegiatan belajar atau proses membelajarkan, yaitu proses mengkondisikan siswa belajar. **Belajar** artinya berusaha memperoleh kepandaian atau ilmu. **Pembelajaran** berpusat pada kegiatan siswa belajar. Dalam hal ini belajar adalah kegiatan aktif siswa dalam membangun pemahaman atau proses individu untuk memperoleh perubahan tingkah laku yang baru secara keseluruhan sebagai hasil pengalamannya berinteraksi dengan lingkungannya. Perubahan tingkah laku itu terjadi secara sadar, berlanjut, fungsional, positif, permanen, terarah, dan total.

**Kreatif** artinya 1. memiliki daya cipta; memiliki kemampuan untuk menciptakan, 2. bersifat (mengandung) daya cipta. **Bermakna** adalah berarti; mempunyai (mengandung) arti (KBBI, 1988).

Kegiatan pembelajaran pada umumnya berkaitan dengan komponen (1) tujuan, (2) bahan, (3) sarana dan sumber, (4) metodologi, dan (5) evaluasi.

1. **Tujuan** mengacu kepada ranah kompetensi, yaitu kognitif, apektif, dan psikomotor.
2. **Bahan. P**enyusunan bahan ajar harus memperhatikan beberapa prinsip, yaitu (a) prinsip spiral, (b) prinsip tematis, (c) prinsip komunkatif, (4) prinsip integratif.

### a. Prinsip Spiral

Bahan ajar disusun/disajikan mulai dari hal-hal yang (1) mudah ke sukar, (2) sederhana ke rumit, (3) sempit ke luas, (4) dekat ke jauh, (5) konkret ke abstrak, (6) sudah diketahui ke yang belum diketahui, (6) bahasa dialek ke bahasa *lulugu* (baku), (7) bahasa daerah ke bahasa Indonesia/asing.

b. **Prinsip Tematis**

(1) Bahan ajar harus didasarkan pada suatu tema, (2) aspek bahan ajar disajikan secara utuh, (3) berbagai aspek bahan ajar disajikan dalam satu kegiatan, (4) bahan ajar bersifat fleksibel, (5) bahan ajar berkembang sesuai dengan minat dan kebutuhan siswa, (6) bahan ajar mengutamakan kompetensi dasar yang akan dicapai dari tema, (7) tema dan bahan ajar disesuaikan dengan alokasi waktu yang tersedia.

c. **Prinsip Komunikatif (Bahasa)**

Bahan ajar bahasa harus mengacu kepada empat aspek keterampilan berbahasa, yaitu (1) menyimak, (2) berbicara, (3) membaca, dan (4) menulis.

d. **Prinsip Terpadu (Integratif)**

Salah satu contoh prinsip terpadu yang dilaksanakan dalam pembelajaran keterampilan berbahasa adalah perpaduan sekurang-kurangnya antara dua aspek keterampilan berbahasa. Misalnya beberapa alternatif perpaduan itu sebagai berikut.

(1) membaca ------- berdiskusi ------- menulis
(2) membaca ------- menyimak ------- berdiskusi
(3) menyimak ------ berdiskusi -------- menulis
(4) berbicara ------- menyimak -------- menulis

### 3. Sarana dan Sumber Pembelajaran

**Sarana pembelajaran** adalah segala sesuatu yang dapat dipakai sebagai alat atau media dalam mencapai tujuan pembelajaran sesuai dengan kompetensi yang ingin dicapai dalam kurikulum. Sarana berfungsi memudahkan terjadinya proses pembelajaran. Oleh karena itu sarana pembelajaran sekurang-kurangnya harus bercirikan sebagai berikut.

a. Menarik perhatian dan minat siswa.
b. Meletakkan dasar-dasar untuk memahami sesuatu hal secara konkret yang sekaligus mencegah atau mengurangi penjelasan verbal (verbalisme).
c. Merangsang tumbuhnya pengertian dan upaya pengembangan nilai-nilai budaya.
d. Berguna dan multifungsi.
e. Sederhana, mudah digunakan dan dirawat, dapat dibuat sendiri oleh guru atau diambil dari lingkungan sekitar.

Sumber pembelajaran dapat berupa sarana cetak, elektronik, dan berupa lingkungan. Sumber pembelajaran sarana cetak dapat berupa buku teks, majalah, koran, brosur, lembar informasi, peta, dan foto. Sumber pemabelajaran sarana elektronik dapat berupa radio, radio tape, dan televisi. Sumber pembelajaran yang berupa buku teks yang diterbitkan oleh sekolah, buku teks yang diterbitkan oleh pemerintah dan swasta.

Sumber pembelajaran lingkungan dapat dibedakan atas tiga jenis, yaitu sebagai berikut.

a. Lingkungan alam yang berupa gunung, sawah, ladang, sungai.
b. Lingkungan sosial yang berupa rumah keluarga, rukun tetangga, rukun warga, desa, kota, dan sekolah.
c. Lingkungan budaya yang berupa sistem matapencaharian, adat-istiadat/tradisi, peralatan dan teknologi, bahasa, seni.

## 4. Metodologi Pembelajaran

Istilah **metodologi** berarti ilmu atau telaah tentang metode, cara atau prosedur yang harus dilalui untuk mencapai satu tujuan tertentu. Khusus di dalam pembelajaran bahasa dikenal tiga istilah yang saling berkaitan, yaitu **pendekatan, metode, dan teknik.** Secara ringkas dapat dijelaskan, **pendekatan (*approach*),** berada pada tingkat aksioma, prinsip-prinsip, teori atau pendirian. **Metode (*method*)** berada pada tingkat prosedural, strategi atau rencana keseluruhan. **Teknik** *(technique*) berada pada tingkat operasional atau praktik.

## II. Pembelajaran Kreatif dan Bermakna

Salah satu realisasi pembelajaran kreatif dan bermakna dilaksanakan melalui pembelajaran berbasis budaya. Hal itu sangat beralasan karena (1) pembelajaran berbasis budaya menjadikan pembelajaran bermakna kontekstual yang sangat terkait dengan komunitas budaya, dan (2) pembelajaran berbasis budaya menjadikan pembelajaran menarik dan menyenangkan.

Pembelajaran kreatif dan bermakna ini erat kaitannya dengan teori konstruktivisme pemikiran Vygotsky (*Social and Emancipator Constructivism*). Paham ini berpendapat bahwa siswa mengkonstruksikan pengetahuan atau menciptakan makna sebagai hasil dari pemikiran dan berinteraksi dalam suatu konteks

sosial. Teori belajar ini merupakan teori tentang penciptaan makna. Selanjutnya, teori ini dikembangkan oleh Piaget (*Piagetian Psychological Constructivism*) yang menyatakan bahwa setiap individu menciptakan makna dan pengertian baru berdasarkan interaksi antara apa yang telah dimiliki, diketahui dan dipercayai dengan fenomena, ide atau informasi baru yang dipelajari. Piaget menjelaskan bahwa setiap siswa membawa pengertian dan pengetahuan awal yang sudah dimilikinya ke dalam setiap proses belajar yang harus ditambahkan, dimodifikasi, diperbaharui, direvisi, dan diubah oleh informasi yang dijumpai dalam proses belajar. Itulah sebabnya Vygotsky menyatakan bahwa proses belajar tidak dapat dipisahkan dari aksi (aktivitas) dan interaksi karena persepsi dan aktivitas berjalan seiring secara dialogis. Belajar merupakan proses penciptaan makna sebagai hasil dari pemikiran individu dan melalui interaksi dalam suatu konteks sosial.

Penciptaan makna terjadi pada dua jenjang, yaitu pemahaman mendalam (*inert understanding*) dan pemahaman terpadu (*integrated understanding*). Hal demikian bisa terwujud melalui partisipasi aktif antara guru dan siswa, saling menghormati dan menghargai. Setiap individu dapat belajar, menciptakan makna, dan berkreasi berdasarkan konteks komunitas budayanya masing-masing. Dalam kaitan ini, Brooks (1993) berpendapat bahwa melalui pembelajaran berbasis budaya, guru akan mampu menciptakan makna yang konstruktif dan terpadu. Dalam hubungan ini, David Ausubel (1963) mengklasifikasikan belajar dalam dua dimensi. Pertama, menyangkut cara penyajian materi diterima oleh peserta didik.Melalui dimensi ini, peserta didik memperoleh materi/informasi melalui penerimaan dan penemuan. Maksudnya peserta didik dapat mengasimilasi informasi/materi pelajaran dengan penerimaan dan penemuan. Dimensi kedua, menyangkut cara bagaimana peserta didik dapat mengaitkan informasi atau materi pelajaran dengan struktur kognitif yang telah ada. Jika peserta didik hanya mencoba-coba menghafalkan informasi atau materi pelajaran baru tanpa menghubungkannya dengan konsep-konsep atau hal lainnya yang ada dalam struktur kognitifnya, maka terjadilah yang disebut dengan ***belajar hafalan.*** Sebaliknya, jika peserta didik menghubungkan informasi atau materi pelajaran baru dengan konsep-konsep atau hal lainnya

yang telah ada dalam struktur kognitifnya, maka terjadilah yang disebut dengan ***belajar bermakna***.

Belajar bermakna menurut Ausubel (1963) merupakan proses mengaitkan informasi atau materi baru dengan konsep-konsep yang telah ada dalam struktur kognitif. Ada tiga faktor yang mempengaruhi kebermaknaan dalam suatu pembelajaran, yaitu struktur kognitif yang ada, stabilitas dan kejelasan pengetahuan dalam suatu bidang studi tertentu dan pada waktu tertentu. Sehubungan dengan hal ini, Dahar (1996) mengemukakan dua prasyarat terjadinya belajar bermakna, yaitu (1) materi yang akan dipelajari harus bermakna secara potensial, dan (2) anak yang akan belajar harus bertujuan belajar bermakna. Kebermaknaan potensial materi pelajaran bergantung kepada dua faktor, yaitu (1) materi itu harus memiliki kebermaknaan logis, dan (2) gagasan-gagasan yang relevan harus terdapat dalam struktur kognitif peserta didik.

Langkah-langkah kegiatan yang mengarah pada timbulnya pembelajaran bermakna adalah sebagai berikut.

1. Orientasi mengajar tidak hanya pada segi pencapaian prestasi akademik, melainkan juga diarahkan untuk mengembangkan sikap dan minat belajar serta potensi dasar siswa.
2. Topik-topik yang dipilih dan dipelajari didasarkan pada pengalaman anak yang relevan. Pelajaran tidak dipesepsi anak sebagai tugas dari atau sesuatu yang dipaksakan oleh guru, melainkan sebagai bagian dari atau sebagai alat yang dibutuhkan dalam kehidupan anak.
3. Metode mengajar yang digunakan harus membuat anak terlibat dalam suatu aktivitas langsung dan bersifat bermain yang menyenangkan.
4. Dalam proses belajar perlu diprioritaskan kesempatan anak untuk bermain dan bekerjasama dengan orang lain.
5. Bahan pelajaran yang digunakan hendaknya bahan yang konkret
6. Dalam menilai hasil belajar siswa, para guru tidak hanya menekankan aspek kognitif dengan menggunakan tes tulis, tetapi harus mencakup semua domain perilaku anak yang relevan dengan melibatkan sejumlah alat penilaian.

Pembelajaran kreatif dan bermakna bisa terjadi jika relevan dengan kebutuhan peserta didik, disertai motivasi instrinsik dan kurikulum yang tidak kaku. Kejadian belajar

bermakna didorong oleh hasrat dan intensitas keingintahuan peserta didik tentang bidang studi tertentu. Dalam hubungan ini, Rogers (1969) mengemukakan tentang iklim kelas yang memungkinkan terjadinya belajar bermakna, yaitu sebagai berikut.

1. Terimalah peserta didik apa adanya.
2. Kenali dan bina peserta didik melalui penemuannya terhadap diri sendiri.
3. Usahakan sumber belajar yang mungkin dapat diperoleh peserta didik untuk dapat memlilh dan menggunakannya
4. Gunakan pendekatan *iquiry-discovery*.
5. Tekankan pentingnya pendekatan diri sendiri dan biarkan peserta didik mengambil tanggung jawab sendiri untuk memenuhi tujuan belajarnya.